

# KONSÈY KONSÈNAN RECHÈCH JURIDIK

Konsèy sa yo mete aksan sou lwa eta a olyede lwa federal. Malgre konsèy sa yo chita sou Delaware, resous segondè yo, tankou paregzanp ouvraj jiridik sou asistans pèsònèl yo, trete, ak liv fòmilè yo, kapab diferan parapò ak dwa eta Delaware. Li enpòtan pou verifye enfòmasyon ki sòti nan resous sa yo koresponn ak dwa eta Delaware.

Twa Bibliyotèk Jiridik Delaware yo konsève kèk nan dokiman sa yo: Leonard L. Williams Justice Center (LLWJC) Law Library ak Self-Help Center nan konte New Castle, Kent County (KC) Law Library, ak Sussex County (SC) Law Library. Enfòmasyon sou bibliyotèk jiridik yo disponib sou <https://courts.delaware.gov/lawlibraries/>.

Finalman, enfòmasyon sa yo pa fèt pou ranplase konsèy jiridik yon pwofesyonèl. Si w ta renmen jwenn yon avoka, tanpri konsilte paj enfòmasyon sou asistans jiridik tribinal la nan <https://courts.delaware.gov/help/legalassistance.aspx>.

## Tip resous jiridik

Rechèch jiridik la souvan nesite itilizasyon resous primè ak resous segondè. Resous primè yo se règ ak lwa ki eksplike kisa moun ka fè ak kisa yo pa ka fè. Yo gen ladan yo estati, desizyon jidisyè, règ jidisyè ak règleman yo.

Resous segondè yo, tankou trete, atik, ak ansiklopedi yo pa gen fòs lalwa men yo ede esplike lalwa.

Li souvan pi kòrèk pou w abòde resous primè yo sèlman lè w fin byen metrize sijè a. Ou kapab jwenn enfòmasyon fondamantal pa mwayen resous segondè yo.

Katalòg ki gen dokiman bibliyotèk jiridik yo disponib nan adrès sa a:

LLWJC Law Library: [https://courts.delaware.gov/lawlibraries/catalog\\_ncc.aspx](https://courts.delaware.gov/lawlibraries/catalog_ncc.aspx)

Kent County Law Library: [https://courts.delaware.gov/lawlibraries/catalog\\_kc.aspx](https://courts.delaware.gov/lawlibraries/catalog_kc.aspx)

Sussex County Law Library: [https://courts.delaware.gov/lawlibraries/catalog\\_sc.aspx](https://courts.delaware.gov/lawlibraries/catalog_sc.aspx)

## Resous primè

### Lwa ak Kòd Delaware yo

Lwa Asanble Jeneral la adopte yo se règleman. Yo pibliye nan fòma egzat la menm jan yo te adopte nan *Laws of Delaware*. Yo disponib an liy sou <http://delcode.delaware.gov/sessionlaws/>. Bibliyotèk jiridik yo genyen kopi papyè *Laws of Delaware* la tou sòti nan lane 1700 pou rive 2009.

Pou fasilite rechèch jiridik sou yon sijè patikilye, lwa yo divize an plizyè sijè diferan epi nouvo lwa yo plase nan seksyon ki apwopriye ak *Kòd Delaware (Delaware Code)* la. *Kòd Delaware (Delaware Code)* la divize an 31 tit, e chak tit trete yon sijè diferan, tankou Krim ak Pwosedi

Penal (Crimes and Criminal Procedure) (tit 11) oubyen machin amotè (Motor Vehicles) (Tit 21). *Kòd Delaware kòmante a (Delaware Code Annotated)* disponib nan vèsyon papye nan twa Bibliyotèk Jiridik konte a ak nan kèk bibliyotèk piblik. Ou ka konsilte yon kopi nimerik *Kòd Delaware la (san kòmantè)* an liy sou <http://delcode.delaware.gov/>. Vèsyon papye *Kòd Delaware la (Delaware Code)* gen volim endèks, ki pa disponib an liy.

## Règleman

Règleman yo se prensip ajans administratif eta a kreye yo. Yo pibliye règ yo pwopoze yo, avi règleman ak règ final yo yon fason kwonolojik nan *Rejis Règleman Delaware (Delaware Register of Regulations)* la. Menm jan ak lwa yo, règ yo òganize sou fòm sijè nan *Kòd Administratif Delaware la (Delaware Administrative Code)*. *Kòd Administratif Delaware la (Delaware Administrative Code)* disponib sou <http://regulations.delaware.gov/AdminCode/> epi *Rejis Règleman yo (Register of Regulations)* disponib sou <http://regulations.delaware.gov/default.shtml>. Gen kèk nimewo ki disponib nan vèsyon papye nan twa bibliyotèk jiridik konte a.

## Dosye

Westlaw ak Lexis se de zouti rechèch nimerik ki aksesib pa mwayen abònman. Sèvis sa yo pèmèt ou chèche dosye (yo rele opinyon tou, ki se desizyon tribinal yo pran) ak resous segondè. Twa bibliyotèk jiridik konte a ofri yon aksè gratis ak toude sèvis sa yo pou tout itilizatè yo, ak tout yon èd teknik lè y ap itilize yo. Twa bibliyotèk jiridik yo genyen tou kèk dosye Delaware ki disponib nan vèsyon papye nan *Rapòtè Delaware (Delaware Reporter)* ak *Rapòtè Atlantik (Atlantic Reporter)*.

## Resous segondè

### Trete yo

Trete yo se yon seri ouvraj jij yo redije ki esplike yon domèn patikiliye nan dwa. Gen kèk domèn nan dwa ki gen yon trete pou moun ki ta renmen jwenn enfòmasyon fondamantal sou sijè sa a, paregzanp, *Aksidan Machin ak Reklamasyon Asirans (Automobile Injury and Insurance Claims)*: *Dwa ak Pratik Delaware* oubyen *Gad ak Vizit Timoun ((Delaware Law and Practice, Child Custody and Visitation): Lwa ak Pratik (Law and Practice)*. Twa bibliyotèk jiridik yo gen yon koleksyon trete nan vèsyon papye ak vèsyon nimerik sou Westlaw ak Lexis.

### Fòmilè Jiridik

Se yon seri modèl fòmilè, kontra, akò, ak lòt dokiman jiridik yo itilize souvan nan pratik jiridik. Fòmilè sa yo se pa sous dwa yo ye vrèman, men yo ka ede w prepare pwòp fòmilè pa w yo. Twa bibliyotèk jiridik yo gen plizyè koleksyon fòmilè jiridik ladan yo tankou *Fòmil Jiridik Ameriken, Jirispridans ak Fòmil Jiridik Lwès (American Jurisprudence Legal Forms and West Legal Forms)*. Fòmilè Tribinal Delaware yo disponib an liy sou <https://courts.delaware.gov/forms>. LLWJC Law Library ak Self-Help Center gen yon seleksyon fòmilè tribinal Delaware ki disponib an vèsyon papye.

## Liv Jiridik Aistans Pèsonèl

Ouvraj sa yo se resous segondè ki esplike yon sijè jiridik nan yon langaj senp pou yon moun ki pa avoka. Bibliyotèk Jiridik LLWJC ak Bibliyotèk Konte Sussex la, yo chak gen yon kantite ouvraj jiridik sou asistans pèsonèl ki kouvri yon pakèt sijè tankou gad timoun ak divòs, dwa pwopriyete/lokatè yo ak kesyon Sekirite Sosyal. Menm si ouvraj sa yo pa espesifik ak Delaware, yo reprezante yon bon kòmansman pou konprann yon sijè jiridik konplèks.

## Resous gratis sou entènèt

Gen yon kantite zouti rechèch jiridik gratis ou kapab itilize sou entènèt.

**Cornell Legal Information Institute** (<https://www.law.cornell.edu/>) ofri yon aksè gratis ak resous primè yo (tankou Kòd Ameriken, Lwa Eta, ak Lwa Inivèsèl), yon ansiklopedi jiridik (Wex) ak gid sou kèk domèn jiridik (tankou Dwa Konstitisyonèl, Dwa Imigrasyon ak Dwa Pwopriyete). Sit entènèt la gen yon repètwa avoka tou kote w ka chèche yon avoka.

**Justia** (<https://www.justia.com/>) gen yon repètwa avoka tou. Anplis, li genyen plizyè gid sou divès domèn nan dwa ak yon lis egzanp fòmilè jidisyè. Li genyen resous primè tou tankou kòd Etazini ak kòd Eta a ak tout desizyon tribinal federal yo ak tribinal Eta a (<https://law.justia.com/>).

**Nolo** se yon editè liv jiridik asistans pèsonèl. Gen yon kantite nan ouvraj sa yo ki nan koleksyon asistans pèsonèl Bibliyotèk Jiridik LLWJC ak Bibliyotèk Jiridik konte Sussex. Sit entènèt antrepriz la gen yon ansiklopedi jiridik gratis sou li tou (<https://www.nolo.com/legal-encyclopedia>) avèk yon seri atik ki kouvri yon gwo kantite sijè jiridik.

**Google Scholar** (<https://scholar.google.com/>) se yon motè rechèch google espesyalize ki fèt pou rechèch atik akademik ak syantifik. Li ba w posibilite pou w chèche dosye tou. Klike sou bouton ki bò kote "Case Law" (Jirispridans) lan nan ba rechèch la epi seleksyone "Delaware Courts" (Tribinal Delaware) oubyen "Federal Courts"(Tribinal Federal).

Sit entènèt **Sosyete Sèvis Jiridik Delaware** (<https://www.lscd.com/>) bay Delaware konsèy jiridik, FAQ, gid espesifik sou plizyè sijè jiridik.

## ENPÒTAN - Èske se “bon lwa”?

Kòm lwa ak règleman yo souvan modifye, anile oubyen jije enkonstitisyonèl nan yon tribinal, li enpòtan pou w asire w lwa w ap konsilte a se vèsyon ki pi aktyèl ki an fonksyon. Si w ap travay ak dokiman papye, verifye dat ki sou do dokiman an ak paj dwa otè a. "Pocket parts" ka mete ajou resous ki sou papye yo nan fen liv la oubyen ak yon bwochi anplis bò kote plizyè ouvraj ki lye.

Si ou konte sou avi tribinal la, lwa oubyen règleman yo, ou dwe asire w se "bon lwa," sa vle di yo pa t anile yo, revoke yo oubyen modifye yo yon fason detèminan. Baz done rechèch nimerik Westlaw ak Lexis yo gen zouti an liy ou ka itilize pou w verifye si yon lwa toujou valab. Yo

rekonèt zouti sa yo sou non “Shepardizing” sou Lexis epi “KeyCite” sou Westlaw. Bibliyotèk jiridik la pa ka fè rechèch sa a pou ou men yo ka ofri w èd teknik si w gen bezwen.

## **Lòt resous**

**Lyen Èd Jiridik Delaware** (<https://delegalhelplink.org/>) ofri yon sèvis rechèch èd legal gratis, si w ranpli kondisyon yo mande yo. Sit entènèt la ofri yon repètwa resous èd jiridik tou (<https://delegalhelplink.org/find-legal-help>).

**Gen lòt opsyon asistans jiridik** ki disponib sou sit entènèt tribinal la (<https://courts.delaware.gov/help/legalassistance.aspx>). Yon lis lyen rechèch jiridik pi konplè disponib tou sou sit entènèt la (<https://courts.delaware.gov/lawlibraries/links.aspx>).